



Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LAPOLIS LETA PWAL SIBLE CHOFE K AP FÈ EKSE VITÈS PANDAN “SPEED WEEK” (“SEMÈN VITÈS”)

***Chak Ane, plis pase 42,000 Moun Mouri akòz Aksidan Sikilasyon sou Gran Wout Nasyon an; Dè Santèn de Milye Moun Blese Grav***

Gouvènè Andrew Cuomo jodia te anonse ke Lapolis Eta New York (New York State Police) pral fè yon inisyativ ranfòsman pandan tout yon semèn pou diminye sou vitès ak chofè agresif yo nan eta. Kanpay semèn vitès la ap kòmanse jodia jiska 13 Jen. Ane pase, pandan kanpay Semèn Vitès la, nan mwa Jen 2016, Lapolis Leta te bay plis pase 21,000 kontravansyon. Plis pase 10,000 nan kontravansyon sa yo se te pou eksè vitès, plis pase 600 nan yo se te pou kondwit avèk distraksyon, e plis pase 200 se te poutèt vyolasyon lwa Mete w Akote a (“Move Over”).

“Eksè vitès ak kondwi vaykevay mete tout moun sou wout la an danje e nou p ap tolere konpòtman danjere sa a nan New York”, **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Semèn sa a, Lapolis Leta pral pi vijilan pou bare chofè ki pa respekte lalwa; sa va pèmèt diminye danje sou wout nou yo e evite trajedi nou ka anpeche.”

Pandan “Semèn Vitès” Ete a, twoup yo pral itilize alafwa veyikil ki Lapolis Eta ki make idantite ak sa ki pa make idantite (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) nan kad operasyon I. Veyikil CITE yo pèmèt Twoup yo idantifye pi fasilman otomobilis yo kap vyole lwa pandan lap kondwi. Machin sa yo melanje avèk machin ki nan lari a chak jou men yo san ekivòk tankou machin ijans yon fwa limyè ijans lan aktive.

**Sipè-entandan Lapolis Eta New York lan George P. Beach II te deklare**, “Objektif kanpay sa, ak aplikasyon lalwa pandan tout ane a, se diminye aksidan ki fèt akòz eksè vitès, epi ogmante sekirite pou chofè ak pasaje kap vwayaje sou wout New York. Obeyi vitès limit la e kondwi sou ladefansiv pral redwi kantite aksidan mòtèl epi ogmante sekirite pou tout moun sou otowout la”.

**Terri Egan, Komisè Egzekitif Adjwen Depatman Veyikil a Motè Eta a (State Department of Motor Vehicles, DMV) ak Prezidan pa Enterim Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor’s Traffic Safety Committee), te deklare**, “DMV ak GTSC bat bravo pou lapolis pou angajman li pran pou retire danje sou wout nou yo otan posib e n ap soutni jefò l ap fè nan kad inisyativ sa a ki pou sove lavi. Nou vle pou tout

moun pase yon ete ki san danje, avèk kè kontan. Nou ankouraje tout otomobilis respekte vitès limit la. Pa janm kondwi si tèt ou pa klè, e evite distraksyon. Lè chofè pran responsabiltè yo, yo evite kontravansyon ak arestasyon e, sa ki pi enpòtan, yo evite lanmò ak blesi initil. Lavi wap sove a kapab se pa w la.”

Vitès liste kòm yon faktè ki kontribye nan preske yon tyè nan aksidan mòtèl yo nan Eta New York. Chak ane, plis pase 42,000 moun mouri akòz aksidan sikilasyon sou gran wout peyi nou e de santèn de milye moun blese grav. Dapre Administrasyon Nasyonal pou Sekirite Sikilasyon sou Gran Wout (National Highway Traffic Safety Administration), aksidan sikilasyon se kòz prensipal lanmò moun ki gen ant 3 a 33 an. Eksè vitès tout kategori veyikil ap fè, ak tou lòt enfrazyon sikilasyon, pral pini sevèman pandan tout wikenn lan anplis aplikasyon lalwa nòmal pandan tout ane a. Twoupè yo pral siveye tou pou lòt vyolasyon sikilasyon, enkli chofè ki distrè oswa sou enfliyans, okipan veyikil yo ki pa byen tache senti, e chofè yo kap vyole Lwa New York Mete w Akote.

### **Amann pou eksè vitès sou otowout ki gen yon limit 89 kilomèt alè oswa zòn ki afiche 105 kilomèt alè**

#### *Premye Kontravansyon*

16 kilomèt alè oswa mwens sou limit la - minimòm 45 dola/maksimòm 150 dola  
18- 48 kilomèt alè sou limit la - minimòm 90 dola/ maksimòm 300 dola  
50 kilomèt alè oswa plis sou limit la - minimòm 180 dola/ maksimòm 600 dola

#### *Dezyèm Kontravansyon*

16 kilomèt alè or less sou limit la - minimòm 45 dola/ maksimòm 300 dola  
18 - 48 kilomèt alè sou limit la - minimòm 90 dola / maksimòm 450 dola  
50 kilomèt alè oswa plis sou limit la - minimòm 180 dola/ maksimòm 750 dola

#### *Twazyèm Kontravansyon*

16 kilomèt alè oswa mwens sou limit la - minimòm 45 dola/ maksimòm 525 dola  
18 - 48 kilomèt alè sou limit la - minimòm 90 dola/ maksimòm 675 dola  
50 kilomèt alè oswa plis sou limit la - minimòm 180 dola/ maksimòm 975 dola

### **Frè Tribinal**

Tribinal Vil oswa vilaj - 93 dola  
Lòt Tribinal (tribinal sikilasyon vil, elatriye.) - 88 dola

### **Strikti Vyolasyon Pwen:**

1-16 kilomèt alè sou limit la = 3 pwen  
18-32 kilomèt alè sou limit la = 4 pwen  
34 - 48 kilomèt alè sou limit la = 6 pwen  
48 - 64 kilomèt alè sou limit la = 8 pwen  
Plis pase 64 kilomèt alè sou limit la = 11 pwen (deklanche sispansyon)

Finansman pou inisyativ Semèn Vitès la te bay grasa yon sibvansyon ki soti nan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418